

# Prepare w pou Reyinyon pou Plan Edikasyon Endividyle (IEP) Elèv ou an

Tout elèv ki gen yon andikap epi ki elijib pou sèvis edikasyon eksepsyonèl (ESE) pou elèv yo, yo pral genyen yon IEP. Yon IEP se yon plan ekri pou edikasyon espesyal pou yon elèv ki gen yon andikap.

## IEP an sanble ak yon plan wout.

IEP an dekri kisa elèv ou deja konn fè epi kisa elèv ou an bezwen aprann pou l kab reyalize bi li yo. IEP an idantifye tou ki kalite èd elèv ou an pral jwenn. Se nan yon reyinyon IEP yon ekip moun pral ekri IEP elèv ou an. Ekip IEP an pral pran desizyon konsènan ki kalite sèvis ak sipò espesyal elèv ou an bezwen yon fason pou li kapab pwogrese.

## Ou se yon manm enpòtan nan ekip IEP an.

Si w se yon moun ki reprezante yon elèv ki gen yon andikap, gid sa a pral ede w konnen a kisa ou dwe atann ou pndan w nan yon reyinyon IEP yon fason pou ka santi w pi konfòtab epitou pou w kapab patisipe yon fason efikas nan aktivite yo.

## Kenbe nan lespri w—

- IEP an se yon dokiman ki pou yon elèv endividyle sèlman.
- IEP an se yon plan ki ka etann li sou menm 12 mwa pou edikasyon elèv ou an.

## Kilès moun ki kapab nan ekip IEP an?

Se moun piba sa yo ki kapab patisipe nan yon reyinyon IEP:

- Oumenm (paran oubyen gadyen legal)
- Elèv ou an
- Omwen yon pwofesè ESE k ap bay, oubyen ki kapab bay, sèvis pou elèv ou an
- Pwofesè edikasyon jeneral elèv ou an
- Yon moun ki konprann ki kalite evalyasyon yo fè pou elèv ou an epi ki kapab eksplike yo (moun sa kab youn pami anplwaye distri lekòl lan yo ki ta déjà sou lis patisipan yo). Si w te resevwa kèk evalyasyon anplis, prezante yo bay anvan reyinyon an.
- Yon moun nan distri lekòl lan ki konnen kozman edikasyon espesyal lan ak tout resous tou ki gen nan distri lekòl lan (moun sa kab se pwofesè ESE elèv ou an)
- Lòt moun oumenm oubyen lekòl lan envite

Ou kapab ekri yon lèt pou w ekate yon manm nan ekip IEP an nan reyinyon an, si yo pat diskite domèn responsabilite manm sa a, oubyen si manm sa a te kontribye nan devlòpman IEP an anvan reyinyon IEP an.

## Kijan mwen ka prepare mwen pou reyinyon IEP an?

Reflechi sou ki kalite objektif ou genyen pou lav ni elèv ou an. Drese yon lis ki gen ladan li kisa elèv ou an kap fè, renmen fè, eke li bezwen aprann, epi ki kalite èd li bezwen, tankou sa ki te bon pou li, oubyen ki pat bon pou li anvan yo. Pale ak elèv ou an sou kozman pwosesis IEP an ak kisa elèv ou an bezwen ladan li.

Fè lekòl lan konnen davans si w pral bezwen yon tradiktè oubyen si w ta renmen chanje dat oubyen lokalizasyon reyinyon an. Mande pou w wè dosye ak evalyasyon lekòl elèv ou an. Pran tan pou w li yo swayezman.

Si w ta renmen fè sa, mande yon zanmi, yon lòt paran, oubyen yon moun k ap defann paran, pou yo akonpaye w nan reyinyon an. Fè lekòl lan konnen si w envite yon lòt patisipan.

## Kijan pou m patisipe nan reyinyon IEP an?

Pòte avèk ou papye, plim, epi tout dosye oubyen evalyasyon elèv ou an. Nan dewoulman reyinyon an, ekip IEP an ap konte sou ou pou w:

- Pataje ak yo vizyon pa w pou lane eskolè sa a, epitou pou lòt lane sa k ap vini yo
- Di yo kisa elèv ou an kapab fè ak ki kalite èd elèv ou an bezwen
- Eksplike yo ki kalite sèvis elèv ou an te resevwa nan tan passe
- Tande yo, epi poze yo kesyon pou yo ka asire yo ke w konprann
- Montre yon atitud pozitif—menm lè w pa dakò ak yo

Lè reyinyon an fini, revize IEP sa yo pwopoze an. Si w panse ke IEP an pankò fini, mande pou yo fè yon lòt reyinyon. Yon fwa yo konplete IEP an, lekòl lan pral ba ou yon kopi gratis.

**Konsève l nan dosye w yo.**

## Asire w ke IEP an genyen—

- Kisa elèv ou konnen ak kapab fè kounye an
- Ki kalite èd elèv ou an bezwen
- Akipwen andikap elèv ou kapab aji sou siksè l nan lekòl li
- Kisa elèv ou an dwe rive aprann lè li rive nan lafen lane eskolè an
- Kisa elèv ou an pral resevwa pandan lane eskolè an tankou sèvis edikasyon espesyal yo, sipò, akomodasyon oubyen modifikasyon, epi tout teknoloji ki ka sipòte edikasyon li yo
- Yon eksplikasyon sou kèlkeswa tan sa elèv ou pral pase nan resevwa enstwiksyon andeyò klas regilye li an
- Kijan yo pral fè pou mezire kantite ak kalite pwogrè elèv ou an
- Nan laj 14 zan, pou w idantifye bezwen pou tranzisyon sèvis, tankou preparasyon pou elèv ou an rive jwenn yon diplòm estanda oubyen regilye
- Nan ka kote elèv ou an gen laj 16 zan oubyen piplis, objektif li pou sa li pral kontinye fè pou lavi li aprè li fini ak lekòl segondè li

## **Kisa k ap rive aprè reyinyon IEP an?**

Aprè otorite lekòl yo fini ekri premye IEP an avèk ou, yo pral mande w pou w bay konsantman ekri w pou elèv ou an jwenn sèvis ESE yo. Si w bay konsantman sa a, lekòl lan pral kòmanse aplike IEP an kote li pral bay enstwiksyon espesyal ak sèvis sa yo ki nan IEP an. Tchyek pou w asire w ke y ap aplike tout sa ki nan plan an eke elèv ou an ap pwogrese.

Kontinyasyon nan obsèvasyon travay sa elèv ou an ap reyalize nan lekòl lan, toujou kenbe kontak ak tout pwofesè yo, epi vizite klas elèv ou an (rele lekòl lan anvan w vizite yo).

Yo dwe fè Mizajou pou IEP an omwens yon fwa okou chak 12 mwa. Sepandan, ou kapab mande pou yo reyalize yon reyinyon IEP ak ou nan nenpòt kèl moman kote w kwè li enpòtan pou gen konsiderasyon chanjman nan IEP elèv ou an.

## **Si w pa dakò ak IEP an, gen yon pwosesis pou rezoud diferans yo:**

Ou gen dwa mande pou yo pwograme yon lòt reyinyon avèk manm ekip IEP yo. Distri pa w lan kapab gen yon moun ki te resevwa fòmasyon pou l kondwi yon reyinyon IEP ki ki jwenn fasilité. Ou kapab tchyek moun ki pou mete milye, adrese yon plent nan Depatman Edikasyon Florida a, oubyen mande yon odyans pou yo koute w ak trete w avèk jistis oubyen ekite. Pou w jwenn piplis enfòmasyon, pran kontak ak administrate ESE an nan biwo distri lokal lekòl ou an.

Se Depatman edikasyon Florida, Pam Stewart, epi Komisè an ki te prepare ti livrè sa a an kolaborasyon avèk Florida PTA an. W ap jwenn enfòmasyon ki gen plis valè toujou nan sitwèb Biwo Edikasyon Eksepsyonèl lan ak Sèvis pou Elèv yo ki se: <http://www.fl DOE.org/schools/k-12-public-schools/helpful-links.shtml#ese>

